

RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—
Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi
kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris;
(apes: f 1,25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-
pisan, oetawi moendoet dados lengganan,
tepang rembag roemijin kalijan adminis-
tratie.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE-COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

ISINIPOPEN:

Raja Wijosan Dalem Goesti Jésoes — Minoelja Altah ing ngaloehoer — Moegi ndadosna panggalihan — Sesoeleoeh — Wawasan bab panggaotan lan dagangan — C. S. — Sesorahipoen R. T. Mr. Wangsanegara — Herordeningsplan Onderwijs — Tanggap sabda — Wawasan bab kasoesastran Djawi — Wawasan boekoe — Saking pakempalan — Ontjén sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

Margi saking Rihaja Wijosan Da-
poenika, ingkang dawah ing dinten
Kemis lan Djoemoewah, Sw. Tm.
minggoe poenika awal medalipoen.

Redactie Sw. Tm.

Wonten sadérèk kintoen bicingah
dateng Administratie. Soepados la-
djeng kateroesna dateng lengganan
Sw. Tm. ingkang sampoen mbajar
loenaen sataoen babar pisan, ingkang
toemandja ing taoen 1931, lan ingkang
katampati roemijin pijambak.

Mangga énggal ngloenasana taoen
1930 lan 1931!

Administratie Sw. Tm.

MINOELJA ALLAH ING ENZ.

Gloria in altissimis Deo, et in terra
pax hominibus bonae voluntatis.
Minoeljaka Allah ing ngaloehoer-
ing ngaloehoer.
lan ing boemi tentrem - ajem mring
manosa kang djoedoer karepe.

25 Désember! Noewohaké rasa
gagasan pangangen-angen apa baé!

Ratri trang, pangon noenggoe we-
doesé, malaékat goemebjar soemo-
rot; lan tjedak baé: goewa kandang
pangoengéndé kewan, sepi njenjet,
ndjekoe! Ing diero: Sang Djabang
Baji, terasan mentas mijos; ingadep
kanti soengkem semadi ing Sang
Kenja ingkang Iboe, lan ing Santo
Joesop, ingkang Rama emban!

Wis ora ana manéh? Kedjaba te-
teloe ikoe, kang ana ing goewa ma-
oe? Hm, kok ora!

Apa ija ora ana sidji - sidjia, sing
martakaké mrana - mrana, jén Sang
Djabang Baji woes mijos? Ija Sang
Djabang Baji kang dadi impé - im-
péné para Leloehoer wiwit saka
Bapa Ibrahim tekan Santo Joanes
Pambaptis?

Hjang Agoeng ora samar: mal-
ékat bjär soemorot, medaraké kanti
rerepén, apa tegesé Sang Djabang
Baji mijos:

Gloria Deo — saos bekti ing Allah.
Pax hominibus — asoeng tentrem-
ajem ing manosa.

25 Désember! Pax, pax, pax!

Soemangga, para sadérèk, Katoe-
lik, ing dinten poenika ngénetana
dateng noegraha ageng kanti seneng
bingah nrimah ing Goesti, sak-deg
sak-njet — sak-jeg: pax, pax, pax!

Soemangga, para sadérèk Katoelik
Indonesiér, sampoen kraos kapentjil
oetawi njelé! Bangsa Katoelik sanés
ing dinten poenika inggih sami bi-
ngah-bingah. Wijara ing pamelaat
wijara ing pangraos: bangsa Katoelik
saloemahing djagad awoedjoed na-
moeng gotrah satoenggal! Toeng-
gilna rerepén pandjenengan sesa-
rangan kalijan rerepénipoen bangsa
Katoelik sanés, atoengil goemolong
dados satoenggal, anggajoeing ing
ngakasa! Sak-deg sak-njet sak-jeg:
Pax, pax, pax!

* * *

25 Désember! Pax, pax, pax!
Moegi dinten poenka dadosa pe-
nget! Moegi aksi kita mawia tja:
Pax!

Kanti nggegroet anggén kita ma-
djeng pijambak lan anggén kita ng-
djengaken sadérèk ingkang taksih
kantoen; djoemangkah dateng ka-
loehoeranbangsa kita!

Soemangga sami sesarengan, sak-
deg sak-jeg:

Pax, pax, pax!

PRADJA RAHAJOE.

MOEGI ANDADOSNA
PANGGALIHAN.

Mañawi boten kléntoe W.K. ing
Ngajodja sampoen sawatawis woelan
boten ngwontenaken pepanggihan
woelanan (krans) kados adat saben.
Saréhipoena koela poenika tjiang
ingkang kirang ing seserepan, dados
inggih betah sanget wontenipoen
pepanggihan woelanan waoe.

Pantjén boten sakedik paédhapo-
nen pakempalan poenika, poenapa
malih toemrap dateng tjiang ingkang
kirang seserepanipoen, kados koela
saoepami. Déné paédhapoena kados
ing ngandap poenika:

1. Ngindakaken kekendelan.
2. Ngindakaken seserepan.
3. Ngindakaken katesresan.

Ngindakaken kekendelan ateges,
boten kok kendel, wantoon
kalijan pandoeng oetawi medal
pijambak ing wantji daloe, nangning
kendel ing ngriki ateges: Saepami
koela poenika adjitjan, isin pepang-
gihan kalijan tjiang sanès, kang
mangka koela kerep tampi serat
oeleman saking bestuur W. K. lan
ing serat oeleman waoe sok kase-
boetaken: "Rawoeh pandjenangan
kaadjeng-adjeng sanget." La poenika
manawi koela poeroen dateng, won-
ten ing ngrikoe koela ladjeng saged
kepanggihan sadérèk katah. Dangoe-
dangoe, manawi koela sampoen
kerep kempalan ladjeng itjal adjirih
isinan koela waoe. Poenika koela
boten nama batí poenika?

Ngindakaken seserepan, boten
kok ladjeng soemerep poenapa-
poenapa ingkang ing grijah boten
wonten, jén késah kempalan ladjeng
semerep, nangning ateges: Manawi
ing salebetipoen pepanggihan waoe
wonten rembag warni-warni, koela
ladjeng ngertos pemanggihipoen sa-
dérèk katah, toemrap rembag waoe.
Poenika kanggé koela inggih nama
bati ageng.

Ngindakaken katesresan ateges
boten tresna kados tjiang se-
sémanah, nangning ateges: Ing tem-
boeng walandi poenika wonten
ingkang moengel "Onbekend maakt
onbemind." Dados jén makaten,
tjiang manawi boten tepang inggih
boten saged tresna remaket. Nangning
manawi namoeng tepang totok inggih
dérèng tjekek, jén boten kerep pe-
panggihan oetawi sesrawoengan. La-
kados-poendi sarananiopoen jén badé
kepanggihan sadérèk katah? Boten
sanès inggih sarana pakempalan.

Wonten sadérèk ingkang ngan-
dika: "Jak géné sik A karo sik B
kaé ja wis kerep koempoelan kok
ja ora remaket, nék kepetoek kok
ja ming antoek-antoeukan waé, ora
omong-omongan." La, manawi poen

A mengidoel poen B mangalér poe-
naga inggih ladjeng mandeg omong-
omongan, kang mangka selak perloe?
Poenaga remaketipoen poen A ka-
lijan B waoe dipoenpirsakaken ing-
kang ngandika poenika? Kados boten
perloe.

Wonten malih ingkang ngandika:
Akoe ki wong ora ngerti apa-apa,
tiwas anaké da nangis, nén-
kana ja ming meneng waé. Bok ja
wis trima nén ngomah." Boten
ngaten sadérèk, rawoeh pandjeneng-
an dateng pakempalan damel re-
genging pakempalan lan damel ma-
reming manahipoen bestuuripoen.
Damel mareming sanés boten sakedik
paoaipoen.

Wonten malih ingkang ngandika:
Wong nén ngomah ki
gawéjané akéh djé: olah-olah, re-
resik, ngoembahi, nggoejang-goe-
jangi anak, l. s. p. Kang mangka
bapakné si tolé ki, nék arep tak ting-
gal, jén kroengoe anaké nangis, djoer
nesoe; lé moeni: Ora sah koem-
pal-koempoelan, anggeré gawéjan-
moe déwé wis rampoeng, rak wis
tjoekoel!

O poenika kléntoe sadérèk, ma-
nawi pandjenengan kagoengan kersa
tindak kempalan, inggih wonten
margi (waar een wil is, is een weg).
Lan, manawi poenapa-poenapa, ma-

nawi namoeng ngémoeti dateng pan-
damelanipoen pijambak tok poenika
boten nama tresna bangsa, nangning
tresna badanipoen pijambak. Tenéh
mangké ladjeng boten wonten pa-
kempalan!

Koela atoeri émoet sadérèk, kados-
poenapa agenging kasangsaranipoen
Goesti pepoendén kita Sang Kristoes,
kanggé koela sadaja.

Milanipoen, séchting W.K. sa-
poenika sampoen nggeboer wonten
ing kalangan djawi i. p. wonten
ing P.P.I.I. koela sadaja para
warganing W.K. kedah toemoet
ngadjengaken pakempalan kita pi-
jambak ing saged-sagedipoen, soe-
pados jén kageboeraken wonten
ing kalangan djawi, boten katingal
ngoejtjiani; sebab madjeng-moen-
doer, pedjah-gesanggih Pakempalan
poenika goemantoeng dateng koela
sadaja.

Ingkang dérèng dados lid, koela
atoeri énggal mlebet. Ingkang sampoen
dados, koela atoeri amerlok-
aken rawoeh, jén wonten parepatan.

Manawi wonten kladok-
kladoeking temboeng, njoe-
woen pangapoentoen.

R. I. S.

SESOELOEH.

Sw. T. No. 49. sedérèk E. Pan-
dada 'ndangoe: "Poenapa goena-
nipoen tjetjaran wonten ing baoe
sisih nginggil?" Ing ngriki keparengan
koela ngatoeri keterangan sawetawis:

I. Sadjatosipoen tjetjaran poenika
kéngang-kénging kémawon, dipoen-
tjetjaraken wonten sadéngah pang-
génan péraningan badan, oepami:
kémpol, poepoe, geger, dada, tje-
kakipoen soemangga karsa, salah
poetjoeking grana jén karsa inggih
kénging. Djalaran toewoehing sasa-
kit tjetjaran poenika inggih sak eng-
gén-énggén.

II. Déné oemoemipoen tjiang di-
poen tjetjaran wonten ing baoe sisih
nginggil, sebabipoen mekaten: toe-
mrap laré alit, boten gampil dipoen-
koekoer, njakéjtakaken pandjagini-
poen tjiang sepoeh. Djalaran jén
ngantos dipoenkoekoer nggampil-
akan infectie.

III. Gandéng kalijan papriksan
temrap oetoeasing nagari, belang-
ing tjetjaran waoe sampoen katem-
tokaken panggénanipoen, inggih
poenika: wonten ing baoe sisih
nginggil, kiwa oetawi tengen. Oe-
pami: moerid-moerid ingkang badé
ngadjengaken pasinaonipoen oetawi
laré badé wiwit loemebet sekolah,
ingkang kapriksa temtoe ing baoe
sisih nginggil waoe.

IV. Menawi wonten prijantoen
ingkang roemas lingsem dipoen-
tjetjaran wonten ngadjengipoen tjiang
katah, prijantoen waoe kénging nim-
bal (ngatoeri) mantri-tjetjar, oetawi
tindak dateng grijah sakit; djalaran
para dokter, mantri-verpleger (ster)
lan vroedvrouw, poenika sami gadah
diploma kénging natjar. Koela oegi
matoek sanget, manawi Nagari ng-
wontenaken mantri-tjetjar éstri, spe-
cial kanggé golongan prijantoen
poenika?

W. S.

ECONOMIE.

WAWASAN BAB PANGGA-
OTAN LAN PADAGANGAN.

Ébahing ndjawi pradja,
Indonesia.

Koela sampoen naté matoer (Sw.
Tm. no. 43) bilih " — Perantjis, ta-
nah mlarat, namoeng bab anggoe-
ran mèh boten wonten" — poenika
njata margi saweg kémawon sawe-
nöhing serat saking Europa mar-
tosaken makaten:

Ing Perantjis boten wonten
tjiang nganggoer.

"Najaka Pakarjan ing Perantjis
martosaken menawi tjiang anggoe-
ran ing Perantjis (September) na-
moeng wonten 904, ing mangka
minggoe kapengker wonten 928.
Toer toenggil wekdal kalijan won-
tenipoen tjiang anggoeरan 904 waoe

</div

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik
boewat pembikinannya.

ROTE - ROTIE, KOEWEE - KOEWEE dan
BESCHUIT - BESCHUIT KERING.

SROETOE - SROETOE dan ROKOK -
ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die
giling dengan machine Electries, bisa giling aloes
dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an
die tangoeng sampee menjenengken, harga per
pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedijken dengen hormat
Toko DJOEN & Co.

BYTA

Inggih poenika barang tjoewèr, pirantos kaggé
ngitjali tjét, tir, pernis, plitoer, tindjanen lsp.
Oegi kenging kaggé ngresiki djabin marmer, djabin
semèn lan djabin tégel.

Damel resiking barang girahan tanpa mawi dipoen-
koembah.

Saben 1 gendoel sarékanipoen nganggé f 0,35.
Mawi dipoenwadahi ing drum tosan sarta
mawi toetoep sekroep, netto 125 K. G.,
ing 1 K. G. mipoen f 0,30.
Oeliran kaggé drum waoe saben 1 f 1.—

Verffabriek R. B. FRIELING.
GONDHOMANAN 80 DJOKJA.

Boeat toean poenja

Recept²



APOTHEKEN

Rathkamp
& Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk:

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST: AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk:

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.
Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelaï
f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasna: klinting, pompa,
lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.
Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk:
ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking,
Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirim keterangan
dengan pertjoema.

Mengharap pesenan:

Rijwielen, Reparatie - inrichting dan Smederij:
WIRJOSOESENA

LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

TOKO BARANG - BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak - anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak - anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN
MOERAH SEKALI!

KABAR OEMOEM. Indonesia.

Koerdanipoen redi Merapi.

Damel pedjahipoen tjiang
gangsal welas.

Swara goemaloedoeg dja-
wah awoe.

Wiwit kemis 18 Dec. éndjing
nginggil Merapi katingal peteng. Ing
nglebet goenoeng, tansah kapirent
swara goemaloedoeg, toewin ambe-
ngeng ngadjrijh-adjrihi.

Kirang langkoeng djam 8.45, redi
waoe ngedalaken lahar wedi bentér,
wonten ingkang ladjeng medal ing
lèpèn Blongkèng.

Ing Ngajodja (kita) lan kiwa te-
genipoen katawis wonten djawah-
awoe, saja mangalèr djawahipoen
saja deres. Ing Kalioerang wonten
djawah endoet, malah ing Sléman
djawah krikil alit-alit. Kali-Koenig
tekoepike Waterleiding Ngajodja oë-
gi kampiran „djawah endoet”, da-
mel karisakan. Sawenèh sakolahan
bawah Ngajodja wonten ingkang
kaantoeak endjam 11, malih wonten
ingkang djam 8.

Kasangsaran.

Manoet pawartos ing bawah Moen-
tilan wonten tjiang gangsal we-
la s sami njamboet damel ing sabin
ing panggenipoen lèpèn Blongkèng,
twas.

Bentèring hawa margi lahar angri-
sakan tataneman sabin lan paté-
galan ing bawah Sroenboeng lan
Doekoen (Moentilan) ± 500 baue, sa-
mi garing; lan wonten ingkang katoe-
toepan wedi. Mloroting lahar ngén-
tasaken wit-witan ingkang katradjang
(± 100 M). Lahar waoe mlampahe-
poen doemoegi djam satoenggal,
sarta tebihipoen ± 6 K.M., wijaring
lahar mawi-mawi wijaring lèpèn
Blongkèng, menawi karatjak ± 50 M.

Ron-ron sata gadahanipoen kaboe-
didajan - kaboodidajan ing sakiwa
tengenipoen Ngajodja inggih katal
ingkang risak. (Djawah awoe waoe
doemoegi Klatèn, Sala) Menawi ing-
kang kapoerih ndjagi grija vulka-
nologische dienst ing Maron (nging-
gil Sroenboeng), kala semanten
sampoeno mladjeng, margi kawon.

Djawah awoe ing Ngajodja ± djam
5 (dinten Kemis) sampoeno men-
da. Sonten ngadjengaken djam pitoe,
saking Ngajodja poetjockipoen redi
Merapi saben-saben katingal moe-
roe anjemoeraken latee, sartalahar
kinemoela ing peteng. Swara goe-
mroenggoeng lan goemaloedoeg wi-
wit kapirent malih.

Djemoewah éndjing 19/12 '30
Merapi takhsis katingal peteng. Djemoewah
maelen Setoe ing Magelang,
Moentilan, Mendoet lan kiwa tengen
djawah „endoet.”

Setoe éndjing, ing Ngajodja
sampoeno boten wonten poenapa-
poenapa. Nanging manoet pa-

lapoeranipoen t. Schilling, ass. res.
Bajalali nitik kawontenan - kawon-
tenan, koerdanipoen redi Merapi
dérèng kenging dipoenwastani sam-
poen rampong.

Ichtijaripoen Bestuur.

Dipoenichtijari sarana brondjongan
soepados lahar boten medal
lèpèn Lamat (Moentilan), sageda
medal ing lèpèn Praga. Nanggih
kelampahan saged loebèr
medal Lamat; manawi makaten ing-
kang tjalon kasangsan ageng Moen-
tilan.

Koran Hoedyana.

Ing Ngajodja bêndjing Djanoewa-
ri badé wonten koran kaggé
laré-laré, basa Djawi aksara Latin
lan Djawi. Medalipoen sawoelan
kaping kalih, regi f 0,75 sakwartal.
Redaksinipoen wonten Poerwak-
anti Djokja. Administrasi Broeder-
an Djokja.

SAKING KARANGANJAR.

Br. martosaken: Bekelbond.
Nalika dinten Setoe tg. 13/12-'30,
ing Karanganjar (Bagelen); kaade-
aken pakempalanipoen para poeng-
gawa doesoen, wastha „Bekelbond.”
Lidipoen sampoen 28 ran; moegi-
moegi pakempalanipoen poenika, sageda
saé wohipoen, saha soeboer gesang-
ipoen, wasana ndajani dateng sanès
panggenan.

Djawah deres.

Nalika dinten Minggoe (malem
Senèn tg. 14/15. Dec.) wiwit djam
± 4 ing ka. wonten djawah deres;
ngantos ing satoenggiling papan,
taneman sami kebandjiran (res. ond.
Kemoedjan lan dis. Poering sisih
lèr), mesakaken! Lan margi satje-
lakipoen kita Karanganjar, keleb
± 1 M. lebetipoen. Tojaning lèpèn
Loek-oela oegi radi tirah, ngantos
mampir-mampir dateng padoesoean-
an ing satjelakipoen. Déné praka-
wis angsal tjiang lan damel risak,
panjerat boten mireng kabar.—

Loerah salingkoeh.

Koela nampi kabar saking tjiang
ingkang kenging kapitados, bilih
ing onderdistr. Sroeweng, reg. K.A.
wonten satoenggiling loerah nja-
lingkoehaken jatra paos ± f 950.
Loerah waoe ladjeng ngitjali; mito-
roet kabar, jatra waoe ladjeng di-
poenopti déning Glondong ingkang
ngeréhaken. Doemoegi titi mangsa
poenika poen Loerah waoe takhsis
njèloeman.—

Hemmm, kok taksih wonteeeen
mawon. Bok inggih ngatos-atos ta
sadèrèk! Béndjing poenapa kita
diopoenpitados?

Jen taksih ngaten?—

Pakempalan Koperasi Kradénan.

Hoereobisma njarjosaken:
Kradénan nembe madeg Crediet
lan Verbruikscoöperatie. Nalika

kempalan karawoohan, sesoelih poe-
litie 9, (wadoeh, apa itoe maoenja
Crediet en Verbruikscoöperatie ???)
tamoe saking pakempalan Coöperatie
2, lan oegi pandjenengani poen toean
A.W.

Béndjing panèn (tjara doesoen
lo) saged sami oeroen malah Be-
stuur saged angsal lid boten ki-
rang 300. Sapoenia 40. Sanésipoen
swaweg tèken dérèng oeroen.

SAKING TEMPOERAN.

Lengganan 624 martosaken:

Alit ning madjeng.

Tempoeran, Magelang sanadjan
alit wonten pakempalan koperasi.

I. Soegiha - arta: gadahanipoen
prijantoen pagantosan, banda f 300,
warga 10.

II. Mirasa: ingkang ngadegaken
goeoe Missie, banda f 300, warga
12.

III. Kedjawi ing nginggil wonten
pakempalan anama Gita-Gati-Roe-
meksa-Warga toedjoenipoen njoen-
peketaken prijantoen Tempoeran.
Sampoen gadah banda f 218 lan
bekasas - bekakas kaggé perloening
warga.

Lengganan no. 624 waoe ngéman
sanget déné pakempalan G.G.R.W.
poenika manawi bakda parepatan
sok aben koetjing kalijan babi.

Koela ngingetaken lengganan no. 624, ma-
nawi nglebataken kabar ing koran kita ma-
wia basa Djawi kémawon, dodos boten
soesah mawi basa Mlajoe, lan kedah ingkang
tjakak. Dlantang ingkang dipoenerserat kendah
namoeng sa-rai. Jen ngantos makaten malih,
kita kepeksa boten saged matjak. Prakewis
kita pandjenengan poerih nglebataken kabar
pandjenengan dateng koran-koran ingkang
pandjenengan sebotaken ing serat, poenika
dédé babagan kita. Red.

Ngilawan tajoeb.

Kanti bingah lan djoemoeroeng
sangat, koela ngewrat serat ing
ngandap poenika:

SOERAT TERBOEKAA

Seroean Terhadap Ra'jat

Indonesia.

Koeboerkanlah tajoeb dan-tombo'-serta-boe-
boehan dantjara (Mad.) stelsel!

Tajoeb dan tombo' serta boeboehan
dan tja stelsel adalah satoe
kebisaan.

a. Merendahkan dan meroesak keso-
panan.

b. Merendahkan dan meroesak tabi'-
at kita (pemabukan).

c. Menimboelkan tauladan jang tidak
baik bagi anak - anak kita.

d. Menghina kaoem perempoean.

e. Meroesak oeroesan harta benda
(kadang-kadang berdjedi).

f. Mendjeroemoeskan orang kedalam
tjengkeraman silintah darat.

g. Dapat menimboelkan bibit perse-
lisihan diantara kita dengan kita,
jang akibatnya kadang-kadang
menjedihkan serta menjeramkan
boeloe badan kita.

Salam nasional.

Ahmad Broto amida rmo.
(Voorzitter.)

Abdoel Moehni A (Secr.)

Soekaris (Pem.)

Atmonegoro) Comm.

Hadjji Moestafa)

Pangasilan gemeente Kediri.

Gemeente Kediri salebetipoen
November pikantoek pangasilan arta
f 11. 218. 76. Taksiran pangasilan
ing salebetipoen taoen poenika:
f 170. 217. 52. Mangka arta pang-
silan salebetipoen sawelas woelan
ing taoen poenika klempakipoen sa-
weg f 122. 602. 74.

Arta kertas ingkang karisak.

Salebetipoen November arta kertas
ingkang karisak wonten Algemeene
Rekenkamer: arta kertas njaroepijah-
damelan Nederland 640. 000, dame-
lan Amerika 120. 000; lan kertas
njaringitan damelan Nederland
360. 000 lembar.

<